Acumen: International Journal of Multidisciplinary Research
ISSN: 3060-4745 IF(Impact Factor)10.41 / 2024
Volume 2, Issue 5

# ÁMET BAQSÍ DÓRETIWSHILIGI

**Askarova Ziywar Kóshkinbaevna**

Ózbekstan mámleketlik kórkemóner hám mádeniyat institutı Nókis filialı úlken oqıtıwshısı

**Utemuratov Azamat**

"Qosıq hám ayaq oyın" qánigeligi 3 studenti

Orta ásirdegi shıǵıstıń ullı alımlarınıń biri, watanlasımız Ábiw áli Ibn Sina ( Avicenna) óz zamanında kishkenelerdi tárbiyalaw máselesine ayrıqsha dıqqat bólip, buǵan baylanıslı pikirin tómendegishe bildirgen edi: «Balanıń tilegin orınlawda eki usıldı qollanıw dárkar: birinshiden, onı áste ǵana terbetiw, ekinshiden, onıń uyqılawı ushın dástúriy besik jırınıń namasına salıp, qosıq aytıw aqılǵa muwapıq keledi. Balanıń usı usıllardı qabıllaw qásiyetine baylanıslı onda dene tárbiyası hám sazǵa degen uqıplılıq iske asadı».

Egerde joqarıda aytılǵanlardı esapqa alsaq, kórkemónerdiń sazshılıq óneriniń jámiyettegi adamlardıń ruwxıy jaqtan kamalǵa keliwi, olardıń óz eliniń hár tárepleme rawajlanǵan azamatları bolıp jetilisiwinde tutqan ornı ayrıqsha dep ayta alamız.

Mine usınday óz izine qaldırǵan bay miyrasları úyrenilmey kiyatırǵan qaraqalpaq baqsılarınıń biri-Ámet Sultanov.

Ataqlı baqsınıń ómiri hám dóretiwshilik xızmeti usı waqıtqa deyin keń kólemde izertlenbedi.

Bunıń sebebi-saz úyreniwshilerdiń xalıqqa burınnan tanıs baqsılardı kóbirek násiyatlap, basqalarına ele qolınıń jetispey atırǵanlıǵı dep oylaymız.

Baqsı Ámet Sultanov Tórtkúl rayonınıń Shıbıqlı awılı, házirgi “Ózbekstan” jámáátlik xojalıǵınıń aymaǵında kamalǵa kelgen.

Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan filialı N.Dáwqaraev atındaǵı Til hám ádebiyat institutınıń qaraqalpaq tili tariyxı jáne dialektologiyası bólimi tárepinen shólkemlestirilgen ekspediciyaǵa qatnasıp, 1967-jıldıń 20-sentyabrinde baqsı menen gúrrińlesiw payıtında mınaday nárselerdi bayan etken edi: «Bul jerlerge atamız biz altı jasar waqtımızda kelgen. Turmıstıń gárdishlerin kóp kórgenbiz. Onıń bárin aytıp otırıw múmkin emes. Máselen men 7-8 jaslarımnan baslap-aq túye baǵıp, tirishilik ettik...»

«Ata-anam awıl balaları arasınan bólinip shıǵıp duwtarǵa asa bir ıqlaslanǵanımdı sezdime, kúnlerdiń birinde tozıǵı jetken góne duwtardı alıp berdi jáne awılımızǵa jaqın jerde jasaytuǵın, sol waqıtlardıń ózinde qırıq jaslardı quwsırıp qalǵan, qaraqalpaqsha, ózbekshe, túrkmenshe, qazaqsha namalardı júdá bir naǵısına keltirip shertetuǵın, gújimniń kóleńkesiniń astında otırıp «Búlbil» namasın shertkende búlbillerdi tómenge túsiretuǵın Jumash baqsı Amandurdı ulına (1843 – 1918 jj) shákirtlikke berdi».

Óziniń kórkem ónerdiń bul salasına ıqlasın, talantınıń kem-kemnen jetilistiriwi nátiyjesinde ol kóplegen xalıq qosıqları, namaların (máselen, “Muxalles”, “Bes perde”, “Ne payda”, “Xoja bala”, “Tarlan”, “Nigarım”, «Jekke baslı», «Arıwxan», «Ǵubbadin», «Yasha peri», «Eshbay», «Gór qız», «Ílǵal», «Xoja baǵman», «Kelte nalısh», «Bozataw», «Ne daǵ», «Sanalı keldi», «Sen yar qal endi», «Sen yar ketkeli», «Muwsa sen yarı», «Daǵ álińnen», «Ala qayıs», «Qara kóz», «Ǵulpaq», «Saltıq», «Úsh top», «Adıńnan») sonday -aq «Qırmandáli», «Bázirgen», «Sayatxan-Hámre» sıyaqlı dástanlardı xalıq arasında erkin atqarıw dárejesine erisken.

Ámet baqsınıń usınday óner shıńına kóteriliwinde onıń ustazı Jumash baqsınıń ornı ayrıqsha dep aytıwımızǵa boladı. Sebebi, ol (Jumash) Túrkmenistannıń Tashawız wálayatı Porsı degen jerde tuwılıp, Xorezm oypatında dańqı shıqqan, Tórtkúl, Xojeli, Shımbaydı aralap, bir qansha qaraqlpaq baqsılarına ustazlıq etip, óz mektebin

shólkemlestirgen, qaraqalpqaq, ózbek, túrkmen qosıqların jaqıs aytıp, úsh xalıqtıń ortaq baqsısı atanǵan. Repertuarında 12 dástan, sonıń ishinde «Góruǵlı» nıń barlıq shaqapları hám «Xoja eli» dep atalǵan dástandı ómirinshe jırlaǵan Súyew baqsınıń (1850-1916jj.) shákirti bolıp tabıladı.

Joqarıda keltirilgenlerden basqa Ámet baqsı Maqtumqulınıń «Yaqshı», Ájiniyazdıń «Qaraqalpaqta», Berdaqtıń «Qannazar bayǵa» qosıqları hám taǵı basqa dóretpelerdiń xalıq arasında aytılıp júrgen variyantların olardıń namalarına salıp aytqanda qubla rayonlar aymaqlarında onıń lapızın esitkenler bunday insannıń dúnyaǵa keliwi-adamlardıń ruwxıy lázzetleniwi ushın úlken sawǵa dep esaplanǵan.

Biz sóz etip otırǵan baqsı Muwsa, Súyew baqsı hám Jumashlardıń sazgerlik salasındaǵı erisken tabısların molaytıp, olardıń aytıp júrgen qosıqları, atqarǵan namalarına jańa namalar qosıp, ustazlarınıń ónerin bunnan bılay da rawajlandırǵan kórkem sóz sheberleriniń biri dep aytsaq qátelespeymiz.

Sonlıqtanda sol zamanlarda atı pútkil Xorezm oypatındaǵı qaraqalpaq, ózbek, qazaq, túrkmenler arasında keńnen tanıs Muwsa, Allaniyaz, Dosnazar (solaqay), qońsılas túrkmen xalqınıń wákili Súyew baqsınıń atqarıw sheberligin ıqlas penen úyrenip, olardıń mekteplerine qatnaslı baqsılardıń jetiskenliklerin maqtansıh etip, geyparalarınıń (Muwsa, Jumash) atqarǵan qosıqları, namaların repertuarına engizgen.

Demek, Ámet baqsı Sultanov qaraqalpaq xalıq qosıqları, dástanların tıńlawshılar júregine yoshlı lapızı, gúmbirlegen sazı hám onı sheber atqarıwı arqalı jetkere bilgen keń kólemdegi kórkemóner sheberi. Óz dáwirinde bul baqsınıń atqarıw shebrligin tıńlaǵanlardıń pikirlerine qaraǵanda onıń dawısı basqalarǵa qaraǵanda ózgeshelenip turatuǵınlıǵı belgili.

Mine, usınday táreplerin esapqa alsaq, ol Tórtkúl rayonınıń Shıbıqlı, Aqbaslı, Aqqamıs, Dosbay, Kelteminar hám taǵı basqa awıllarında jasaytuǵın qaraqalpaqlar arasında ǵana emes, al sol dáwirlerde Shabbaz (Beruniy), Qıpshaq (Ámiwdárya)

sonday-aq respublikamızdıń arqa rayonları, qońsılas Buxara wálayatındaǵı ózbek, qaraqalpaq, qazaq, túrkmen xalıqları arasında da úlken abırayǵa iye bolıp ózi de kóplegen shákirtler tayarlaǵan.

Iyni kelgende baqsınıń tuwılǵan awılına baylanıslı da pikir bildirgimiz keledi. Kórkemóner izertlewshisi, marxum Allamuratovtıń "Ámiwdárya" jurnalınıń 1994 – jıl, №5-6 sanında járiyalanǵan «Duwtar sazları» atlı maqalasında basqa baqsılar menen qatar Ámet baqsı Sultanovqa da orın berilip, ol 1914-jılı tuwılǵan dep jazılǵan. Bul haqıyqatlıqqa onsha jaqınlaspaydı, sebebi biz oǵan ushırasqanda (1967 jılı bıyıl 81 jastaman dep aytqan edi). Demek, keltirilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda ol 1886-jılı tuwılǵan hám 1969-jılı 83 jasında dúnyadan ótken.

Muwsa, Súyew hám Jumash baqsılardıń mektebinde tárbiyalanıp, ózi de ustazlıq dárejege jetip xalıqtıń dıqqatı hám alǵısına bólengen. Ámet baqsınıń ruwxıy miyrasları atap ótilgen xalıqlardıń júrek tórinde jasap, ol atqarǵan qosıq hám namalar áwládtan áwládqa jetkerilip ataqlı kórkemóner sheberine ornatılǵan máńgilik estelik ekenligin belgilep ótiw dárkar dep esaplaymız.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Adambaeva T.«Qaraqalpaq muzıkası tarıyxınan» Nókıs. «Qaraqalpaqstan» 1985-j.

2. Maqsetov Q. «Dástanlar jırawlar» «Qaraqalpaqstan» 1992-j.

3.Á. Alımov,T.Adambaeva, J.Turdımuratov « Házireti sazger» Nókis «Bilim» 2013